# Адыгэбзэмкӏэ 4-нэ классым щекӏуэкӏ урок зэӏуха



# Словарнэ лэжьыгъэ.



Б   ракъ



б . стей



б . лътоку



б .лыджэ



п . мидор



хъ . рбыз

# Псалъэ гупым фыкъеджэ, упщ1э яхуэвгъэувурэ и лъэпкъыгъуэр къыжыф1э:

- ***Дохутыр,  мэлажьэ, плъыжь, къэк1уэжащ, щхьэгъубжэ, лъагэ.***

# ЦӀэпапщӀэхэр къыхэгъэщын, зыхуэдэр къыжыӀэн.

- Дэ Налшык паркым экскурс дыкӀуэнущ.
- Сэ уэ абы уздэсшэнущ.
- Фи гъунэгъу цӀыкӀухэри, уи ныбжьэгъухэри ыздэшэ.
- Абы жыг дахэ куэд итщ.

Ижь - ижьыж зэманым щы1ащ псэуащ зы жылагъуэ. А жылэм дэс псори ц1ыхуф1хэт ик1и лэжьак1уэшхуэхэт. Икъук1э жылагъуэ зэгуры1уэт ахэр ик1и къулейхэт.







А щ1ып1эм пэмыжыжьэу, къуак1э- бгык1эхэм и деж, къырхэм щыпсэут  зы уд фызыжь. Ар яхузэгуэпт а  жылагъуэм, ахэр зэрызэгуры1уэм. Куэдрэ егупсысащ: «а жылэм сыт хуэдэу зэран сахуэхъун?» - жи1эу.





Ик1эм –ик1эжым, къигупсысащ ищ1энур… къыипхъуатэщ и удыгъэ башыр, теуэщ, тепк1эри жи1ащ:





Уд фызыжьым гуф1эгъуэшхуэ къыхуэхъуащ, и гухэлъхэр къехъул1ащ…



Жылагъуэм зыгурымы1уэныгъэр къахыхьащ. Ц1ыхухэр нэщхъей, псалъэмакъылъэ хъуахэщ. Псоми я ц1эр, ящыгъупщэжат. Жа1эну зыхуей псом и ц1эр ящ1эжтэкъым. Ахуэдэу ек1уэк1ыурэ, ц1ыхухэм къагуры1уащ къэхъуар: я бынхэм, я адэ – анэхэм, къэзыхъурейхь псом я ц1эр зэращыгъупщэжар. Ящ1энур ямыщ1эу къек1уэк1ыурэ…..



Зы махуэ гуэрым а жылагъуэм къыдыхьащ 1ущыжьк1э еджэу зы л1ыжь жьак1эху. Ц1ыхухэм зэхахат а л1ыжь губзыгъэм и 1ущагъымрэ и къарумрэ и хъыбари къыбгъэдыхьэурэ къелъэ1ухэрт: я ц1эр къащ1эжынымк1э къадэ1эпыкъуну, я зэгуры1уэныгъэр я зэхуаку къыдилъхьэжыну…





«Хъунщ , фи лъэ1умк1э сэбэп сыфхуэхъунщ, фи ц1эхэр,фыкъэзыхъурейхь предметхэм я ц1эхэри къывэзгъэщ1эжынщ. Ауэ зэк1э фэстынущ сэ псалъэ гуп, фи ц1э уд фызыжьым къыф1ихахэм ип1эк1э! А псалъэхэр къэвгъэсэбэпурэ фызэпсалъэфынущ, фызэгуры1уэфынущ. Псалъэм папщ1э, фи щхьэ фытепсэлъыхьмэ – СЭ - жыф1э, куэд фыхъумэ – ДЭ_ жыф1э, зыгуэрым зыхуэвгъазэмэ – УЭ - жыф1э, ахэр куэд хъумэ – ФЭ – жыф1э, »- жи1ащ 1уцыжь. «Иджыри зыщывмыгъэгъупщэ АР,АБЫ АХЭР, МЫР,МОР, МЫ, МО – псалъэхэри сэбэп къыфхуэхъунущ»



**СЭ, УЭ, АР, АБЫ, ДЭ, ФЭ, АХЭР, АБЫХЭМ – Ц1ЭПАПЩ1Э ХЭЩ. А**хэр ц1эхэм я п1ок1э къок1уэ. Ц1эпапщ1эхэр псалъэ лъэпкъыгъуэщ..





«Мис иджы псалъэщ1эхэр къыщыфщ1ак1э сэ уд фызыжьыр къэслъыхъуэнщ- жи1ащ 1ущыжь. – Ар сэ къэзгъуэтыхук1э фэ лэжьыгъэ зыбжанэ вгъэзащ1эн хуейщ. Узыншэу фыщытхэ! ».



## Лэжьыгъэ 1.

1. Фыкъеджэ. Сыт хуэдэ ц1эпапщ1эхэр дэгъэхуа?

... си анэм срогушхуэ. … лэжьэк1уэф1щ, ц1ыхуф1щ. … дохутырщ. …и лэжьыгъэр ф1ыуэ елъыгъу.

2. Къифтхык1. Точкэхэм я п1эк1э дэтын хуей ц1эпапщ1эр дэфтхэж.



**Лэжьыгъэ 2. (карточкэ)**

Карточкэхэм ит псалъэухахэм хуэфэщэн щхьэ ц1эпапщ1эр хэвгъэувэ: ***СЭ, УЭ, ДЭ, ФЭ, АР, АБЫ, АХЭР, АБЫХЭМ.***



1ущыжь  къик1ухьурэ, къыр ф1ыц1эжьым ис  уд фызыжьыр къигъуэтащ.Ар елъэ1уащ а ц1ыхухэм я ц1эр яритыжыну. Арщхьэк1э уд фызыжьым жи1ащ: -  Си упщ1эхэм жэуап къептыфмэ естыжынщ, армырамэ укъысщымыгугъ….



Гуп лэжьыгъэ.



Гупурэ зывгуэши фи ст1олым телъ щхьэ ц1эпапщ1эхэр хэту 1 псалъэуха зэхэфлъхьэ:



| | | |
|---|---|---|
| **1- щхьэ** | **Сэ** | **Дэ** |
| **2- щхьэ** | **Уэ** | **Фэ** |
| **3- щхьэ** | **Ар**<br>**Абы** | **Абыхэм** |



Хъарзынэу зэхэфлъхьащ псалъэухахэр! Иджы ет1уанэу уд фызыжьым и унафэщ мы псалъэхэр зи щ1ысыр къэфщ1эну: *СИ, СЫСЕЙ, УИ, УУЕЙ, ДИ, ДЫДЕЙ, ФИ, ФЫФЕЙ, И, ЕЙ, Я, ЯЙ, ЗИ, ЗЕЙ*…

-1ущыжь ищ1эркъым мыхэр зищ1ысыр… Хэт ищ1эрэ?



Уд фызыжьым и упщ1э псоми жэуап еттыфащ. И удыгъэр к1уэдыжащ. Жылагъуэ хьэлэмэтым я ц1эхэр яритыжащ, псори и п1э иувэжащ, зэгуры1уэныгъэр ц1ыхухэм я зэхуаку къыдыхьэжащ.. Ауэ 1ущыжь къахуигупсыса псалъэхэр ягу апхуэдизк1э ирихьати ахэри къагъэсэбэпыну къагъэнэжащ. «Ц1эпапщ1э» – ф1ащащ. (Ц1эм папщ1э)



# Унэ лэжьыгъэ

Н.71, лэжьыгъэ 103.






Абдежым «Ц1эпащ1э» жылагъуэм я деж экскурсыр къыдоух. Куэди къэтщ1ауэ сэ къысщохъу.

- Сыт фымыщ1эу нобэ къэфщ1а?
- Сыт нэхъ къывэгугъуэк1а?
- Сыт нэхъ кууүэ къэфщ1эну фыхуе







# Узыншэу фыщытуэ!

